O`ZBEKSTAN RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı

Qaraqalpaq tili ha`m a`debiyatı fakul`tetinin`

3V kurs talabası Orazbaeva Ziyadanın`

Qaraqalpaq a`debiyatı pa`ninen

# KURS JUMISI

**Tema: S.Nurımbetovtın’ do’retiwshiliginin’ o’zgesheligi**

Orınlag`an: Z. Orazbaeva

Qabıllag`an: dots. B.Davletov

**No`kis-2013**

**Tema: S.Nurımbetovtın’ do’retiwshiliginin’ o’zgesheligi**

**JOBASI:**

**1. S. Nurimbetovtin` o`mirine ha`m do`retiwshiligine baylanisli mag`liwmatlar……………………………………………………………… 3**

**2.S. Nurimbetovtin` poeziyasinın` tematikası… …………………………. 5**

**3.S. Nurimbetovtin` poemalari ……………………………………………..8**

**4. S.Nurimbetovtin` da`stanliq shig’armalari…………………………….12**

**5. S.Nurımbetovtın` tımsalları ha’m jumbaq qosıqları……………… . 14**

**Paydalang’an a’debiyatlar…………………………………………………23**

## 1. S. Nurimbetovtin` o`mirine ha`m do`retiwshiligine baylanisli mag`liwmatlar

Sadiq Nurimbetov qaraqalpaq a`debiyatinin` en` iri wa`killerinin` biri. Onin` ko`p sanli lirikaliq qosiqlari ha`m da`stanliq shig`armalari xalqimizdin` ju`reginen ken`nen orin aldi. Shayir qaraqalpaq a`debiyatin tematikaliq, janrliq ha`m ko`rkemlik jaqtan rawajlandirdi.

Ha`zirgi ku`nde Sadiq Nurimbetovtin` do`retiwshiligi bir g`ana qaraqalpaq a`debiyatinin` tabisi bolip qalmastan, tuwisqan xaliqlar a`debiyatinin` bay g`a`ziynesine qosilg`an u`lken u`les bolip esaplanadi.

Sadiq Nurimbetov 1900-jili Kegeyli rayoninda tuwilg`an. Shayirdin` balaliq jillari awir turmisqa tuwra keledi. Ol jeti jasinda a`kesinen ayirilip, a`kesi menen tuwisqan Sidiqtin` qolinda ta`rbiyalanadi. O`zinin` shayir ag`asi Sidiqtin` qosiqlarin yadlap u`lgi aladi, fol`klordi, a`sirese, ″G`a`rip-ashiq″, ″Go`rug`li″, ″Ashiq-Na`jep″ siyaqli da`stanlardi o`z betinshe oqiytug`in bolg`an ha`m mereke-ma`jilislerde ko`pke qissaxanliq etip oqip beretug`in bolg`an.

Sadiq Nurimbetov jas waqitlarinda qiz-jigitlerdin` otiraspalarina arnap ko`p qosiqlar jazdi. Ol o`zinin` yumor-satiraliq qosiqlari menen ko`pshilikke tanilg`an, satiraliq shig`armalari qaraqalpaq  poeziyasinda belgili orin tutadi.

Jawinger degen hu`rmetli ataqqa ilayiq islew, dushpang`a miyrimsiz, dosqa qa`wender boliw, Watan ananin` bergen aq su`tin aqlaw- Ulli Watandarliq uris da`wirindegi do`regen Sadiq Nurimbetovtin` ″Perzentim″ qosig`inin` negizgi ideyasi edi. Qosiqta el perzentinin` aldina qoyg`an minnet bizin` azatliq ushin, jer u`stindegi o`mir ushin gu`resimizdin` maqsetin aship beredi, shayir bul gu`restin` haqiyqat xaliqtin` erkinligin, azatliq sipatin konkret faktler menen teren` lirikaliq boyaawlar arqali juwmaqlastiradi.

Shayir perzentke jen`is penen qaytiwdi tapsiradi, al bul barliq xalqimizdin` oyi, iygilikli maqsetinin` ko`rinisi edi. Bunday na`siyatliq shig`armalar qaysi dwirde bolmasin bar, barliq da`wirde xaliqtin` o`z ullarinin` aldina qoyip

kiyatirg`an talabi desek, Sadiq Nurimbetov xaliq poeziyasinda burinnan bardi jan`artqanlig`i ko`rinedi.

Tuwg`an eldin` ar-namisin alip kel,
Dushpannin` basina sawda salip kel,
Jen`istin` namasin tezden shalip kel,
Menin` sag`an tapsirmam sol, perzentim.

Uristan son`g`i da`wirde Sadiq Nurimbetovtin` do`retiwshiliginde satira belgili bir orindi iyeleydi. Shayir satirasinin` tili o`tkir, ja`miyetlik qural qubilistin` za`ru`rliginen tuwilg`an shig`arma ekenligi ko`rinip turadi. Onin` bunday ha`zirgi jaslarimiz arasinda ju`z beretug`in ersi qiliqlardi a`shkaralawshi ″Men sonda maqtayman″, ″Namis so`zi″, ″Ashilip sirin`″ ha`m bulardan basqa ″Is jaqpaslarg`a″, ″Shug`illarg`a″, ″A`were″, ″Senin` ishqin`″ h.t.b. shig`armalari bar.

Shayir satirasinin` ajiralmas bir bo`legi a`lbette timsal boldi. Onin` timsallari siyasiy jaqtan o`tkir, a`stetikaliq jaqtan teren` ma`nili ha`m zor ko`rkemlikke iye bolip keledi. Onin` timsallarinda ko`binese, ko`rse qizar, maqtanshaq, aldawshi, ″Nawqan qurt ha`m dizildawiq″, ″Miy ha`m torta″, ″Miywe ha`m japiraq″ sonday-aq, ″Diyxan ha`m jalg`izaq″, ″Tawiq ha`m torg`ay″, ″Shug`illar″, ″Dizildawiq ha`m sona″ h.t.b. so`z etetug`in tiykarg`i predmeti etip alinadi.

Xaliqlar doslig`in jirlaw Sadiq Nurimbetov do`retiwshiliginin` en` tiykarg`i printsiplerinin` biri boladi. Xaliqlar doslig`in jirlawg`a arnalg`an qosiqlar qatarina ″Xosh keldin` ullari Azerbayjannin`″, ″Tuwg`a mingende″, ″Ag`ayin″, ″Ualiyxanovqa″, ″Abay esteligine″ qosiqlari kiredi.

## 2. S. Nurimbetovtin` poeziyasinın` tematikası

Sadiq Nurimbetov jas waqtinan ha'r qiylo tematikada qosiqlar jazdi. Misali Watan haqqinda, balalar haqqinda, miynet temasinda, Xaliqlar doslig`i, aqil -na`siyat, yimor-satiraliq t.b. temalarda qosiqlar jazdi.

Ha`zirgi da`wir balalar a`debiyatında, a`sirese balalar poziyasında onın` «Gu`lsa`nemnin` bu`lbili», «Qabıl ha`m Abat», «G`amxorlıq», «Jaqsı qız», «Muz u`stinde», «Qon`ırawlı qozı ha`m aqıllı ku`shik», «Bes bahası», «Balalarım», «Sazan balıq» sıyaqlı qosıqları bar.

Bunnan basqa da 1958 – jılı «Farhad», 1961 – jılı «Jan`a jumbaqlar», 1965 – jılı «Aqlıg`ım» kitapları baspada ja`riyalandı. Shayırdın` 1969 – jılı «O`tesh o`jet» atlı kitabı jarıq ko`rdi.

Sadıq shayır balalar ushın jazılg`an shıg`armalarında Watan temasın arnawlı orıng`a qoydı.

«Balalarım» qosıg`ında balalardın` ha`zirgi baxıtlı zamanda «O`mir baqshasının` pal man`ız gu`li» ekenin, olar ushın barlıq jol ortalıq, endi olarg`a ta`rtipli, til alg`ısh, dos bolıp oqıwı za`ru`rligin uqtıradı.

Mısalı:

Sanan`ız tan`larday ashılsın ken`nen,
Xor bolmas, xalıqtın` alg`ısın alg`an,
Altın onerin artsın ku`n-ku`nnen,
Bilimnin` izine tu`s balalarım.

Shayırdın` «Xalıq aytqandı men de aytsam» qosıg`ı didaktikalıq shıg`arma bolar, bul qosıqta bastan – ayag`ına shekem na`siyat berilgen. Qosıq mazmunı ha`m formalıq o`zgesheligi boyınsha xalıq awızeki a`debiyatındag`ı termelerge uqsas bolıp keledi.

Mısalı:

Xalıq aytqandı men de aytsam,
Aqıl jastan shıg`ar dep,

Aytpag`an biykar el xalqım,
Iyeley alsan` o`ner ko`p,
Ta`rtip saqlan` en` aldın,
Sol tiykarg`ı aytar gap,
Ziyreklikke qumartın`,
Xalıq aytqandı men de aytsam,
Ata – anna  kewli perzentte,
Ayamas janın  ul – qızdan.
Jamanlıg`ın`lı ko`rsetpe,
Jaqsılıqtı hesh umıtpan`,
Baodıq waqıtta izzetle,
Hesh bir kewlin suwıtpan`,
Ata – anan` jeter maqsetke.

Bul qatarlarda balalardı durıs so`zlilikke, o`ner – bilim iyelewge, aqıllı ziyrek bolıwg`a, dostı qa`dirlep, ata – ananı hu`rmetlewge, puxta oylap is tutıwg`a ha`m tag`ı basqa da jaqsı a`detlerge na`siyatlap otıradı.

Sadıq shayırdın` «Iraslıq» qosıg`ında haq, tuwrı so`zli Murattın`, «Dos aqılı» qosıg`ında mehriban Aqılbaydı, «G`amxorlıq» qosıg`ında o`zin qorshag`an ana ta`biyatqa g`amxorshı Gu`lim menen Maqsettin`, «Mexanik» qosıg`ında tog`ız jasar o`nerli bala Aytjannın`, «Jaqsı qız» qosıg`ında anasına ja`rdemshi ekinshi klass A`miynanın` unamlı ha`m de u`lgili is - ha`reketleri maqtanısh penen su`wretlense, «Tırnawıq», «Jala degen jaman», «Muz u`stinde», «Tentek», «Tosan`bay ha`m Tezbay», «Avtobusta», «Asqınlag`an an`shı bala» qosıqlarında ayırım tentek, o`jet, is jaqpas, o`tirikshi balalardı qattı sıng`a aladı ha`m bunday unamsız a`detlerden awlaq bolıwg`a shaqıradı.

Jawınger degen hu`rmetli ataqqa ılayıq islew, dushpang`a miyrimsiz, dosqa qa`wender bolıw, Watan ananın` bergen aq su`tin aqlaw –

ekinshi jer ju`zlik urıs da`wirindegi do`regen Sadıq Nurımbetovtın` «Perzentim» qosıg`ının` negizgi ideyası edi.

Bul qosıqta shayır el perzentinin` aldına qoyg`an minneti bizin` azatlıq ushın, jer u`stindegi o`mir ushın gu`resimizdin` maqsetin ashıp beredi, bul gu`restin` haqıyqat xalıqtın` erkinligin, azatlıq sıpatın konkret faktler menen teren` lirikalıq boyawlar arqalı juwmaqlastıradı.

Shayır perzentke jen`is penen elge qaytıwdı tapsıradı, al, bul barlıq xalqımızdın` oyı, iygilikli maqsetinin` ko`rinisi edi.

Bunday na`siyatlıq shıg`armalar qaysı da`wirde bolmasın bar, barlıq da`wirde xalıqtın` o`z ullarının` aldına qoyıp kiyatırg`an talabı desek, Sadıq Nurımbetov xalıq poeziyasında burınnan bardı jan`artqanlıg`ı ko`rinedi. Mısalı:

Xalıq ushın tuwılıp, ka`malg`a keldin`,
Jawınger jasları baxıtlı eldin`,
Watanın`a bu`gin wa`den`di berdin`,
Wazıypan`dı orınlap kel perzenntim.

Tuwg`an eldin` ar – namısın alıp kel,
Dushpannın` basına sawda salıp kel,
Jen`istin` namasın tezden shalıp kel,
Menin` sag`an tapsırmam sol, perzentim.

S.Nurımbetov «Jen`impaz qalanın` balalarına», «Jen`impaz xalıq» (1942) qosıg`ında Leningrad qalasının` qaharman balalarının` fashizm u`stinen jen`iske erisetug`ın oyların jırlaydı. Olardın` jawıngerlik islerin jıldag`ı balalarg`a u`lgi etedi.

S.Nurımbetovtın` bul qosıg`ı N. Tixonovtın` «Kirov biz benen» Jambıl Jabaevtın` «Leningradlıq erlerim», Gafur Gulamnın` «Sen jetim emesen`» degen qosıqları menen u`nles bolıp keledi.

## 3. S. Nurimbetovtin` poemalari

S. Nurimbetovtin` Ekinshi jer ju'zlik uristan keyingi o`z tvorchestvosinin` janrliq jaqtan rawajlang`aninin` guwasi ko`lemli shig`armalar jaziwg`a bel baylawi boldi. Onin` bir qatar epikaliq shig`armalari ″Baxtiyar″ da`stani, ″Berdaq″, ″Qamari″, ″Ten`izde″, ″Zarimbettin` g`abirisi″ poemalari, ″Xanalaslar″ da`stani boldi. Onin` ″Baxtiyar″ da`stani da`slepki ko`lemli shig`armalarinin` qatarinan orin aldi. ″Baxtiyar″ da`stani basinan aqirina deyin xaliq da`stanlarinin` u`lgisi tiykarinda jazildi.

Sadiq Nurimbetov 1950-jili Berdaq shayirdin` qaytis bolg`anina 50 jil toliwina bag`ishlap ″Berdaq″ poemasin pitkerdi.

Shig`arma shayirdin` balaliq waqtinan baslap o`mirinin` aqirina shekemgi onin` xaliq penen birge basinan keshirgen o`mirin real` tu`rde su`wretleydi.

Poemada Berdaqtin` balaliq waqti, oanin` ko`rkem-o`ner qumarlig`i ayt-toy merekelerde ko`zge tu`sedi. Onda kem-kem keleshekte qa`liplesip kiyatirg`an optimistlik ko`z-qarasi duris berilgen.

Poemada Berdaqtin` o`mirine baylanisli da`wirdin` basqa da xarakterli belgileri, XIX a`sirdegi Qaraqalpaq a`debiyattinin` belgili klassiginin` tek g`ana ataqli shayir bolip g`ana qalmastan, al ataqli basqi bolg`anlig`i da isenimli tu`rde su`wretlenedi. Bul belgilerdi avtor shig`armada sheber tu`rde aship beriwge uring`an. Usinin` arqasinda S.Nurimbetov qaraqalpaq turmisinda ko`rkem-o`nerdin` tutqan ornin haqiyqat tu`rde ko`rsetiwge erisken.

Shayir ″Qamari″ poemasinin` son`g`i varianttin o`zinin` 60 jasqa toliw yubeleyge arnap baspadan shig`arilg`an birinshi tomina qayta islep berdi. ″Qamari″ poemasi segiz bo`limnen turadi. Poema azang`i suliw ta`biyattin` ko`rkem ko`rinisin su`wretlewi menen bul waqitta ataqli shopan U`sen Elmuratovtin` kolxozdin` u`sh ju`z bas qoyin shag`lap jayip baratirg`anin oqiwshilardin` ko`z aldina janli kartina etip elesletiwi menen baslap berdi.

S.Nurımbetovtın` «Farhad» poeması jaslardın` mekteptegi, u`ydegi turmısın su`wretleydi.

Poemada bas qaharman - Farhad degen oqıwshı. Ol jaslayınan erke, shataq, o`jet o`sedi. Na`tiyjede sabaqlarınan u`lgere almay, jalqaw bolıp qaladı. Ata – ana, mektep, o`zi menen birge oqıytug`ın oqıwshılar Farhadtın` ha`reketin ashıwg`a poemada bastan ayaq qatnasadı. Poemada shayır qaharmandı jeke ta`riplemesten, onın` ha`reketin ko`pshiliktin` arasında ko`rsetip beredi.

Farhad penen bir bala Ka`rimbay degen balanın` qulag`ına jin`ishke rezinka menen shertedi. Ka`rimbay onı Farhadtın` jorası Mishadan ko`redi.

Biraq Misha haq ekenligin bilip, ol Farhadqa, «shertken seng`oy» degenge ekewi to`belesip qaladı. Waqıya mine, usınnan baslanadı. Farhad to`beleskenin, bet awzının` ne sbepten iskenligin anası sorasa da aytpaydı.

Klasslas balalar Farhad penen Ka`rimbaydı jarastırmaqshı bolıp, Sa`liyma degen qızdı Farhadtın` u`yine jiberedi. Farhad onı qaytarıp jiberedi, joldaslarının` so`zin sıylamay tag`ı to`belesedi. Bul ret Farhadtın` murnı isedi.

Ata – anasın aldap, sabaqtan da qaladı. Sabaqlarınan u`lgere almaydı. U`yine kelse sabag`ın tayarlamaydı.

Mug`alliminin` u`yge bergen tapsırmaların basqa baladan ko`shirip alıwg`a qarap, bul ushın Sa`liyma menen dos bolıp, onnan paydalang`ısı keledi.

Biraq Sa`liyma ziyrek qız bolıp, Farhadtın` bul oyın sezedi.

Jetekshi Sa`liymag`a u`yge tapsırmalardı Farhadtın` ko`shirip almawın tapsıradı.

Sa`liyma Farxadqa o`zi shıg`arg`an sabag`ın ko`shirip alıwg`a bermeydi ha`m de o`zin` isle dep aqıl beredi. Biraq Farhad bul doslıq ken`esti tu`sinbeydi.

Iyni tu`sken Farhad endi Sa`liymag`a o`shegisedi.

Ta`nepis waqtında na`wbetshige sezdirmey, Sa`liymanın` kitap - da`pterlerin shashıp, sıyasın to`gedi.

Partag`a shaqqısı menen Sa`liymanın` atın oyın jazadı.

Biraq balalar Farhadtın` bul ha`reketlerin sezbeydi. Sol sebepli de Farxad Ka`rimbaydı talay reet qapa qılg`an.

Farxad ne bolsa sog`an o`kpeshil, ashıwshaq ha`m kekshil bolıp, bunın` ba`ri onın` erke o`skenliginen, jaslayınan onın` betine hesh kim qarap so`ylemegenliginin` na`tiyjesinin` juwmag`ı.

Ol dosları jaqsı so`z aytsa o`kpe etip, olarg`a jamanlıq oylaydı.

So`ytip ju`rgende, mekteptin` diywalı gazetasında Farhadtı kritikalag`an fel`eton shıg`adı.

(«Fel`eton» – frantsuz tilinen alıng`an bolıp, «qag`az» degen ma`nini bildirip, turmıstag`ı unamsız na`rselerdi a`shkaralap ko`rsetiwshi da`lme-da`l faktlerge tiykarlang`an a`debiyattın` publitsistikalıq janrının` bir tu`ri.) Farhad usı fel`etonnan ta`sirlene baslaydı. Usınnan keyin ata-anası da balasının` ta`rbiyasına kewil bo`le baslaydı. Bala ta`rbiyası ba`rinen burın ata-anag`a baylanıslı boladı.

Xalqımız «Uyada ne ko`rsen`, ushqanda sonı ko`resen`», - dep biykarg`a aytpag`an.

Bala jaslayınan neni ko`rse, alg`an ta`rbiyası ha`mme waqıt ta`sirshen` keledi. Birge oqıytug`ın joldaslarının` ha`m ata – anasının` ta`sirinin` na`tiyjesinde balanın` minezi o`zgeredi. Endi ol bayag`ıday emes, o`zin basqasha jan`a ortalıqta sezedi. Mısalı:

O`zgeris balada.
Sezildi og`ada.
Tazalıg`ın ko`rsen`.
Raxmet dersen`.
Pu`tkilley azada.

S.Nurımbetovtın` «Farhad» poeması balalar ta`rbiyasına arnalg`an ideyalıq jaqtan jaqsı shıqqan shıg`armalardın` biri.

Poemada bu`gingi ku`ngi oqıwshılar turmısındag`ı qarama-qarsılıqlar isenimli detal`lar arqalı sheshiledi.

Qaharmannın` turmısı real waqıyalar, ha`reketler arqalı su`wretlenip, oqıwshını isendirip otıradı.

Poemanın` basındag`ı unamsız minez, poemanın` son`ında unamlı minezge o`sip jetilisedi. Bul ma`selelerde avtor mekteptin`, sem`yanın` rolin ayrıqsha sızıp ko`rsetedi. Jaman bolıp hesh kim tuwılmaydı, ba`ri de ta`rbiyag`a baylanıslı o`zgerip otıradı degen durıs sheshimge kelgen.

Balalarg`a arnalg`an poemalardın` mazmunı ha`r qıylı. Birewlerinde oqıw, ta`rbiya jumısı so`z bolsa, ekinshisinde shopan balasın qırag`ı ko`zliligi, zeyinligi jırlanadı.

«Farhad» poemasın qısqasha mazmunı ta`rtipsiz balalardı ko`pshiliktin` du`zetiwi, doslıq, joldaslıq ja`rdem beriwi so`z etiledi.

Shayırdın` «Tu`lkishek» poeması 1956 - jılı jazılg`an.

«Tu`lkishek» poemasında tu`lki balasının` saqlıg`ı, epliligi, hiylekerligi, ashko`zligi ha`m jırtqıshlıg`ı isenimli tu`rde sa`wlelengen.

Tu`lkinin` ha`reketlerin su`wretlew arqalı shayır tu`lkidey sum hiyleker jawızlarg`a isenbeydi na`siyat etedi. Shayır aqıllı ha`m sanalı adamlar bolıp jetisiwge u`gitleydi.

## 4. S.Nurimbetovtin` da`stanliq shig'armalari

S.Nurimbetovtin` ″Xanalaslar″ da`stani shayir do`retiwshiliginin` en` u`lken epikaliq shig`armasi boldi. ″Xanalaslar″ da`stani baspadan shiqqan ku`nnen baslap barliq xaliq massasinin` su`yip oqiytug`in qiziqli shig`armasina aylandi. Xaliq ″Xanalaslar″ arqali shayirdin` qaraqalpaq a`debiyati tariyxindag`i da`stanliq da`stu`rlerdi rawajlandiriwda ten`i- tayi joq sheberligin moyinladi. Ol xaliq shayirinin` uzaq jillardan bergi do`retiwshilik ta`jiriybelerinin` juwmag`inan do`regen. Bul do`retpe S.Nurimbetovtin` epikaliq sheberliginin` jetilisiwinin` gu`wasi bolip tabiladi.

Shayir S.Nurimbetov ″Xanalaslar″ da`stanin jazarda o`zinin` ko`rkem shig`armasinda ga`p etejaq ob`ekti boyinsha tariyxiy waqiyalardi duris saylap ala bilgen ha`m oni zan`li ra`wishte rawajlandira alg`an. Bul da`stannin` tabisli juwmaqlaniwinin` en` tiykarg`i faktori bolip xizmet atqaradi.

Shayirdin` bunnan buring`i ″Baxtiyar″ da`staninan ayirmashilig`i waqiyalardi qisqa da`wirlerge siyg`izg`an. Shig`armanin` tiykarg`i mazmunin quraytug`in na`rse XX a`sirdin` basindag`i qaraqalpaq xalqinin` ja`miyetlik qurilisindag`i payda bolg`an hesh kelisimge kelmeytug`in keskin klassliq qarama-qarsiliq ha`m onin` jen`isli aqibetleri bolip esaplanadi.

Da`standa en` a`welgi jaratilisinan bir-birine qarama-qarsi bolg`an turmistag`i eki klasstin` o`mir joli su`wretlenedi.

Birinshi miynetkesh xaliq massasinin` o`mir joli. Olar ha`mme waqitlarda ja`miyetlik ten`sizliktin` qurbanlari bolip kelgen adamlar.

Shig`armanin` tabisli bolip shig`iwina sebepshi bolip turg`an jag`day XIX a`sirdin` aqirinda XX a`sirdin` basindag`i qaraqalpaq a`debiyati tariyxindag`i ju`zege kelgen jekke diyxan obrazinin` rawajlaniwi bolip otir.

Bul obraz Qalash Qaysar arqali iske asqan. Ol aqilli, biraq sada diyxan. Ol siyasiy erkinlikke iye emes. Ja`miyetlik rawajlaniw zan`liliqlarinan xabarsiz, haq kewil, ken` peyil, adamlardag`i a`piwayi qatnasiq ma`selelerine g`ana

tu`sinedi. Da`standa Qaysar Qallashtin` obrazi o`zinin` jasag`an jag`daylarina baylanisli tipik sha`riyatlar menen berilgen.

Da`standa xaliqtin` bir-birine mehribanliq ha`m qayirqomliqlari usag`an gumanizm ideyasi jaqsi tilge alinadi.

Toymasbay Qaysar Qallashti sabap o`ltireyin dep atirg`aninda oni dosti Qa`wender qutqaradi. Bay Qa`wenderdi iytine talatip atirg`anda oni o`limnen jarli Xoshbergen qutqaradi.

Usinday bir-birlerine ja`rdem qollarin soziw usag`an miynetkesh xaliq massasinin` da`stu`rlik jollari jaqsi tilge alinadi.

En` baslisi avtor qaraqalpaq dosliq ha`m uliwma insaniyliq ideyalarg`a burinnan-aq sadiq xaliq, - dep duris ko`rsetedi.

Solay etip ″Xanalaslar″ da`stani bunday ideyalardi jirlawi jag`inan son`g`i da`wirdegi XX a`sir qaraqalpaq a`debiyatina qosilg`an u`lken u`les bolip esaplanadi.

S.Nurimbetov XX a`sir qaraqalpaq a`debiyatinin` payda boliwi, qa`liplesiwi ha`m rawajlaniwina o`zinin` ko`p sanli qosiqlari, poema ha`m da`stanlari menen u`les qosqan talantli shayirlardin` biri bolip a`debiyatimizdin` tariyxinan orin aladi.

Solay etip, Sadiq Nurimbetov qaraqalpaq a`debiyatinin` payda boliwi, qa`liplesiwi ha`m rawajlaniwina o`zinin` ko`p sanli qosiqlari, poema ha`m da`stanlari menen u`les qosqan talantli shayirlardin` biri bolip, a`debiyatimizdin` tariyxinda u`lken oring`a iye ko`rkem so`z sheberi bolip tabiladi.

## 5. S.Nurımbetovtın` tımsalları ha’m jumbaq qosıqları

S.Nurımbetovtın` kishi ha`m orta mektep jasındag`ı balalarg`a arnalg`an «Aqlıg`ım» kitabı burıng`ı geypara shıg`armalarına qarag`anda jetilisken, sezimtallı, joqarı ko`rkemliligi menen tematikası waqıyalardı su`wretlew sheberligi, tilinin` sulıwlıg`ı jag`ınan ko`zge tu`sedi. «Aqlıg`ım» kitabındag`ı shıg`armalar balalardı Watandı, miynetti su`yiwge, aqıllı bolıwg`a, jaqsı oqıwg`a shaqıradı.

«Sur qozı» qosıg`ında adamlar sur qozını ko`redi, og`an su`ysinedi ha`m onı bag`ıw ushın miynet etiwge talpınadı.

Shayır «Avtobusta», «Xalıq aytqandı men aytsam», «Dos aqıllı», «Muz u`stinde», «Asqınlag`an an`shı bala» qosıqlarında balalarg`a jaqsı na`siyatlar etedi: avtobusqa minsen` jol haqın`dı to`le, xalıqtın` aytqanın tın`lasan` xızmet et, aqıllı bol, jamanlıq etpe, xalıqqa jaqsılıq et, ata – anan`dı qa`dirle, qın`ır bolsa, o`tirik so`yleme, shalag`ay bolsa, jaqsı baha alıp oqı, barlıq isin` shag`ında bolsın, namısın`dı saqla, menmen, tentek bolsa, xalqın` menen birge bol!», - deydi. Mısalı:

«Xalıq penen baylanıs.
O`zin`di bo`lek gizneme.
Xalıq isine aylanıs.
Xalıqsız baxıt izleme»,-

- dep na`siyatlaydı.

S.Nurımbetov kishkene g`ana jen`il ha`zillerdi balalar a`debiyatına kirgizgen jan`ashıl shayırlarımızdın` biri bolıp tabıladı. Onın` azg`antay bolsa da balalar xarakterine qarap aytılg`an ha`zilleri tentek balalarg`a ta`mbi, pa`ndiw - na`siyat boladı. Shayırdın` usı kishkene g`ana ku`lki tuwdıratug`ın ha`zillerine sıqaq penen ha`zil juplasıp kelip, balalardın` jas o`zgesheligine qaray belgili unamlı ma`ni tuwdıradı. Bul ha`zil qosıqlar

arqalı balalardı oylandırıwg`a mu`mkinshilik beredi. Haqıyqatında da shayırdın` tutqan jolı balalarg`a jaqsı tilekte turadı.

Shayırdın` «Tosan`bay ha`m Tezbay» qosıg`ında eki bala haqqında so`z etiledi. Tosanbay qasınan o`tip baratırg`an Tezbayg`a: «janın`a zor bere berme, mendey ha`zdi oyla» dep tosan` ju`riwdi ken`es etedi. Og`an Tezbay: «ha`zliktin` o`zi – tezlikte » -deydi. Mısalı:

«Tosanlıqta azap bar.
Ha`mme onı mazaqlar.
Tosan`lasan` jetkermes
Maqset etken uzaqlar
Sonlıqtan men Tezbayman
Tezligimnen jazbayman.»

- dep tamamlaydı.

Bul tek balalar ushın ku`lkige aytılg`an ga`p emes, shayırdın` u`lkenlerge de ta`siryli.

Tosan`bay menen Tezbayg`a usap, shayırdın` aytajaq oyın oqıwshıg`a da`l jetkeretug`ın ug`ımlardı tabıwdın` o`zi de shayırdın` aytajaq oyın oqıwshıg`a da`l jetkeretug`ın ug`ımlardı tabıwdın` o`zi de shayırdın` balalar qosıqlarındag`ı sheberlikti da`lilleydi. Shayır ko`pshilikke, a`sirese balalarg`a waqıttan artta qalmawdı ma`sla`ha`t etedi. Geyde balalar tosınnan tabılg`an oyları menen u`lken adamlardı da oylandırıp taslaydı. Mısalı, «Qızıq sorawg`a» qosıg`ında:

- Adam balası bo`bek,
Qoyan balası go`jek,
Tawıq balası sho`je,
Pıshıq balası ne a`je?
- Mal balası buzaw,

Qoy balası qozı-aw,
Tu`ye balası bota,
Tu`lki balası ne ata?!

Bul sorawlar ha`r bir balanı oylandıradı, onın` qıyal su`riwinin` ken`eyiwine, turmıstı biliwge qumarlıg`ına unamlı ta`sir jasaydı.

Shayırdın` ko`p g`ana qosıqları turmıstın`, ta`biyattın` sırları haqqında oylandıradı, qıyallarg`a bo`leydi, berilgen sorawg`a juwap tabıwg`a ma`jbu`rleydi, jaqsı islerge erisiw haqqındag`ı qıyallarg`a talpındıradı. Shayırdın` bir qatar qosıqlarında balalar o`zlerine – o`zleri – aq soraw berip, og`an sheshim tabadı.

Shayırdın` «Bala bolıw jo`n mag`an» qosıg`ında bir saparı ruxsatsız ketken balag`a ata – anası a shıwlanıp, «bala emessen`» dep baqıradı. Sonda bala mınaday juwmaqqa keledi:

«Bala emessen` degeni,
Qısındırdı ko`p meni,
Oylanaman tap sonnan,
Bala emes bolg`annan,
Bala bolıw jo`n mag`an.»

Bunday kishkene ha`zillerdin` qatarına shayırdın` «Iras so`z», «O`tirik so`z»lerin de jatqarıwg`a boladı. Mısalı:

-«Alma ag`ashın sıbawg`a boladı,
Pisteni shag`ıwg`a boladı,
Marsqa barıwg`a boladı,
Dep ag`ası ıras so`ylepti,
Inisi «durıs g`oy» depti».

«Bir g`arbız qozı bolıp ketipti,
Bir balıq tazı bolıp ketipti,
Bir piyaz bu`lbil bolıp sayraptı,
Bir ılaq adam bolıp oynaptı,
Dep ag`ası o`tirikti so`ylepti,
Inisi «inanbayman, qoy» - depti».

Sadıq Nurımbetov - balalardın` du`n`yanı ha`r ta`repleme oylawına, sana – sezimi ha`m oylawının` o`siwine ta`sir jasaytug`ın jumbaqları xalıq xojalıg`ında orın alg`an jan`alıqlar menen tıg`ız baylanısta do`rewi arqalı ayrıqsha orın tutadı. Bular o`z da`wirinde do`rep atırg`an jan`a jumbaqlar bolıp tabıladı. Ayırımları xalıq arasında ken` taralg`an. Mısalı:

Jaqında payda bolg`an qus,
Jerdin` ju`zin shalg`an qus,
Bizin` elde er jetip
Ayg`a ushıp qong`an qus.
«(Raketa»).

Yamasa:

Qanatsız lashın,
Su`yegi hasıl.
San aynaıp talmas,
Jerdin` aynalasın.
(«Vostok korablleri»)

Su`yem boylı aq terek,
Oqıwshıg`a ko`p kerek,
Kag`az bar jerde ol da bar,
Etken isi bir demek.
(«qa`lem»)

U`sh ha`ripten atı,
Jer astı zatı,
Arnawlı peshi bar,
Awqatlar asıp al.

(«gaz»)

Ko`p jerinen baylag`an,
Ishin shadlıq jaylag`an,
Haslı ag`ash bolsa da,
Qıtıqlasan` sayrag`an.

(«duwtar»)

S.Nurımbetovtın` jumbaq jazıwg`a sheberligi sonda, ol zattın` da`l o`zin, turmıstag`ı xızmetin, sıpatın aynıtpastan bere alatug`ın obrazlardı taba biliwinen ko`rinedi. Shayır turmıstag`ı jan`alıqqa sezgirlik penen qaraydı.

Ha`r qanday jan`alıq onın` o`z ju`reginde qosıq yaki jumbaq bolıp shıg`adı. Sonlıqtan da Sadıq Nurımbetov balalar a`debiyatında jan`a jumbaqlar do`retken xalıq shayırı. Shayırdın` jumbaqlarında oqıwshılardın ku`ndelikli turmısınan mektep, globus, qa`lem, raketa, duwtar, termos, peshexana, kran, sharpı, iyne, lampochka, ha`r tu`rli quslar ha`m haywanatlar, o`simlikler, adamlardın` dene qurılısı ag`zaları, ja`nlikler ha`m tag`ı basqalardan ibarat.

Ekinshi jer ju`zlik urıstan son`g`ı da`wirde Sadıq Nurımbetovtın` do`retiwshiliginde satiralıq shıg`armalar belgili orındı iyeleydi. Shayır satirasının` tili o`tkir, ja`miyetlik qural qubılıstın` za`ru`rliginen tuwılg`an shıg`arma ekenligi ko`rinip turadı. Onın` bunday ha`zirgi jaslarımız arasında ju`z beretug`ın ersi qılıqlardı a`shkaralawshı «Men sonda maqtayman», «Namıs so`zi», «Ashılıp sırın`» ha`m

bulardan basqa «Is jaqpaslarg`a», «Shug`ıllarg`a», «A`were» ha`m tag`ı basqa da shıg`armaları bar.

Shayır satiralıq shıg`armaları menen bir qatarda tımsallıq shıg`armalar da do`retti. Onın` tımsalları siyasiy jaqtan o`tkir, estetikalıq jaqtan teren` ma`nili ha`m zor ko`rkemlikke iye bolıp keledi. Onın` tımsallarında ko`binese, ko`rse qızar, maqtanshaq- lardı «May ha`m Torta» tımsalında, jatıp isher, erinsheklerdi «Diyxan ha`m Jalg`ızaq» tımsalında, aldawshı - o`tirikshilerdi «Nawqan qurt ha`m Jılandastıq», «Dızıldawıq ha`m sona» tımsallarında, qızg`anshaqlardı «Gu`jim ha`m Qara tal» tımsalında, erme adamlardı «Sada shımshıq» tımsalında, o`zimdiki jo`n dewshilerdi «O`jet o`giz» tımsalında, marapatqa semiriwshilerdi «Geshir» tımsalında, o`z sumlıg`ı basına jetkenlerdi «Balon ha`m kirpi» tımsalında, sonday - aq, «Tawıq ha`m torg`ay», «Qurqıltay ha`m qumırı», «Shug`ıllar», «Bayıwlı», «Miywe ha`m japıraq», «Tolqınsaq», «Sug`anaq iyt» ha`m tag`ı basqalar sıng`a alınadı. Bunda adamlardın` minezindegi jat unamsız qılwalardı haywanlardın`, quslardın`, o`simliklerdin` obrazları arqalı su`wretlep beredi. Shayırdın` «May ha`m Torta» tımsalında maqtanshaq tortanı sıng`a aladı. Mısalı:

Aradan o`tpey sa`l waqıt,
Aspaz to`kti tortanı,
Sonnan beri Torta dım,
Maqtanıwdan qorqadı.

Al, «Diyxan ha`m Jalg`ızaq» tımsalında Jalg`ızaq diyxan ekken eginlerdi jep ha`z etkisi keledi. Mısalı:

Keldi Jalg`ızaq tın` – tın`lap,
Kayaın pisken, ishm qımlap,

Eozi tu`sti er saqshıg`a,
Ju`regi de ketti suwlap.

Biraq ol diyxannın` ta`silinen qutıla almay, onın` qazıp qoyg`an orına tu`sip o`ledi:

So`ytip boyın palızga attı,
Aldında qazıwlı jatqan,
Bilmey teren` org`a tu`sip,
Sol jerde silesi qatqan…

Bul arqalı shayır miynet etpegen adamlarg`a jalg`ızaqtın` ku`ni tuwatug`ınlıg`ın, ha`r bir insang`a hadal miynet g`ana baxıt, ırısqı – nesiybe alıp keletug`ınlıg`ın aytpaqshı bolg`an. Mısalı:

Miynet qılg`an isher palın,
Bul tımsaldan o`rnek alın`,
Tawın asqa qumartqanlar,
Jalg`ızaqtay der o`z janın.

Shayır jılan dastıq, qumırı, dızıldawıq torta obrazları arqalı turmıstag`ı ha`r qıylı adamlardın` unamsız ha`reketlerin ko`rsetedi. «Nawqan qurt ha`m Jılandastıq» tımsalında ha`m Jılandastıq bılay deydi:

«Sa`lem dostım amansız ba, Nawqan qurt?
Sag`an xızmet etip atır tolı jurt,
Tu`bimiz bir qurt ekenbiz sorassaq,
O`zin` menen birge bizdi miyman tut.

Sizler menen jatıp birge turayın,
Men de so`ytip, hasıl pille orayın,
Aytqanımdı etip izzette qoysan`,
Pille tu`we ha`tte tilla bolayın..., - deydi.

Sonda Jilandastiqqa Nawqan qurt oylanıp turıp, «Aldasan` is shataq, ju`rmen`iz oynap!», dep, hu`rmet – izzet ko`rsetip shertek basına shıg`aradı. Mısalı:

Jılandastıq izzet ko`rdi, al, biraq,
Pile bola almadı, moynı sal`ırap,
Wa`desinen shıg`a almadı aqırı,
O`z - o`zinen jaltan`ladı albırap.

Tu`ni menen uyqılamadı, haplıqtı,
Pille bola almadı, qorqıp qamsıktı,
En` izinde boyın attı shertekten,
Taska tu`sip ten` bo`linip jan shıqtı.

Bunda shayır geypar adamlardı aldamay, haq so`zli bolıwı kerek eeknligin, aldawshılıqtın usınday unamsız illetlerge alıp keletug`ınlıg`ın ana`siyatlaydı. Shayırdın` «Miywe ha`m japıraq» tımsalında Miywe «men adamlardın` ko`zinin` qurtıman, men mazalıman, men adamlarg`a kerekpen, dep maqtanadı da japıraqtı a`jiwa etip og`an ku`ledi. Japıraqsız miywe bolmaytug`ınlıg`ına qıyal juwırtpaydı. Mine, usınday aqılı kelte maqtanshaqlardı miyyae obrazında a`shkaralaydı.

Japıraqtın` miywege juwabı to`mendegishe:

Quwrag`an ag`ashqa miywe piterme,
Japıraqsız o`zin`di ba`lent ko`terme, - deydi.

«Balon ha`m kirpi» tımsalında kirpi balondı jarıp jibermekshi boladı. Bul ha`reketi arqalı kirpi basqa birewge zıyan keltirmekshi boladı. So`ytip, o`zin balonnın` astına taslaydı. Biraq balon bug`an jarılmaydı, qayta kirpi balonnın` salmag`ı menen jerge kirip ketedi.

Solay etip, kirpi birewge jamanlıq islemekshi bolıp ju`rip, sumlıg`ı o`zinin` basına jetedi. Usılardı ayta kelip, shayır mınaday juwmaq jasaydı:

Tiymegenge tiyiw aqmaqtın` isi,
Bas shayqap bir ku`ni janadı ishi,
Kirpidey sumlıg`ı jeter basına,
Birewge jamanlıq oylag`an kisi.

Bunın` sonday - aq, «Tawıq ha`m torg`ay», «Qurqıltay ha`m qumırı», «Shug`ıllar», «Bayıwlı», «Miywe ha`m japıraq» tımsallarında waqıyalar salıstırmalı tu`rde su`wretlenip, olarda eki na`rse – birewi unamlı, ekinshisi – unamsız ta`sir qaldıradı.

Sadıq shayırdın` tımsallarında waqıya ıqsham beriledi ha`m birden baslanadı, son`ında isenimli tu`rde sheshiledi. Shıg`armanın` son`ın shayır na`siyat aytıw menen juwmaqlaydı.

S.Nurımbetovtın` balalar a`debiyatına qosqan u`lesi tosınnan bolg`an waqıt emes.

Balalarg`a arnalg`an qosıqlarının` ko`pshiliginde derlik xalıqtın` bay awızeki do`retpelerinen ken` paydalanıp, onı jazba a`debiyatımız benen baylanıstırıp, fol`klorlıq su`wretleniw qurallarınan da sheber jazılg`an qosıqlar, til baylıg`ınan da ken` paydalanıp, waqıyalardı qızıqlı etip su`wretlep beredi.

## JUWMAQ

Bugingi ku`nde Sadiq Nurimbetovtin` do`retiwshiligi bir g`ana qaraqalpaq a`debiyatinin` tabisi bolip qalmastan, tuwisqan xaliqlar a`debiyatinin` bay g`a`ziynesine qosilg`an u`lken u`les bolip esaplanadi.

Ha`r qanday jan`alıq onın` o`z ju`reginde qosıq yaki jumbaq bolıp shıg`adı. Sonlıqtan da Sadıq Nurımbetov balalar a`debiyatında jan`a jumbaqlar do`retken xalıq shayırı. Shayırdın` jumbaqlarında oqıwshılardın ku`ndelikli turmısınan mektep, globus, qa`lem, raketa, duwtar, termos, peshexana, kran, sharpı, iyne, lampochka, ha`r tu`rli quslar ha`m haywanatlar, o`simlikler, adamlardın` dene qurılısı ag`zaları, ja`nlikler ha`m tag`ı basqalardan ibarat.

Sonlıqtanda S.Nurımbetov qaraqalpaq fol`klorının` bay g`a`ziynesinen bu`gingi a`debiyatqa u`lgiler kirgizgen, fol`klor menen jazba a`debiyattı baylanıstırıwshı «da`neker» shayırlardan boldı dep ayta alamız.

## Paydalanılg`an a`debiyatlar

1. Кarimov I.A. “Uzbekiston mustaqqillik orafasida”  Toshkent 2011

2. Qurbanbaev I. Qaraqalpaq balalar a`debiyatı. No`kis., 1992.

3.  Axmetov S. Sultanov Q.  ”A`debiyattaniw” No`kis. 1998.

4.  Axmetov S. ”A`debiyattinaw” terminlerinin` so`zligi. No`kis. 1972.

5. Axmetov S. Qaraqalpaq poeziyası. No`kis., 1988.

6. Paxratdinov A`. S. Nurımbetovtın` tvorchestvolıq jolı. No`kis., 1976.

7. Paxratdinov A`., Allambergenov K, Bekbergenova M. XX a`sir qaraqalpaq a`debiyatı tariyxi.  No`kis., 2011.